



REPUBLIQUE DU BURUNDI
Ministère de l'Intérieur
Office National de Protection
des Réfugiés et Apatrides



AMASEZERANO

Yereke ye uk ug abany a ibi jany e

N'UKUTAGIRA UBWENEGIHUGU



REPUBLIQUE DU BURUNDI
Ministère de l'Intérieur
Office National de Protection
des Réfugiés et Apatrides



CONVENTION

Sur la réduction des cas

D'APATRIDIE



**Amasezerano yerekeye ukugabanya ibijanye
n'ukutagira ubwenegihugu**

**Convention sur la réduction
des cas d'apatridie**

AMASEZERANO YEREKEYE UKUGABANYA IBIJANYE
N'UKUTAGIRA UBWENE GIHUGU.

Ibihugu vyemeje aya masezerano,

Bikora vyisunze ingingo ya 896 (IX) yemejwe n'Inama y'ibihugu bihuriye mw'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU kw'igenekerezo rya 4 Kigarama 1954; kandi

Bisanze ko hakwiye kugabanywa ibijanye n'ukutagira ubwenehugu biciye mu masezerano Mpuzamakungu,

Vyumvikanye ibi bikurikira:

Ingingo ya mbere.

1. Igihugu cemeje aya masezerano giha ubwenehugu umuntu yavukiye muri co kandi bitagenze uko aca acika uwutagira ubwenehugu. Ubwo bwenehugu buzatangwa :

- a) Bitarinze gusabwa, umuntu akivuka; canke
- b) Bisabwe n'uwo vyerekeye canke abisabiwe n'uwundi k'ubutegetsi bubifitiye ububasha hisunzwe ibitegekaniye n'amategeko y'ico gihugu, hatirengagijwe ibitegekaniye mu gahimba ka 2 k'iyi ngingo, ugusaba ubwenehugu ntibishobora kwankwa.

Igihugu cemeje aya masezerano amategeko yaco akaba ategukanya ko ubwenehugu butangwa bibanje gusabwa hisunzwe akarongo b) k'aka gahimba, kirashobora kandi gutanga ubwenehugu bitarinze gusabwa gifatiye ku myaka no ku bisabwa n'amategeko cashinze.

2. Igihugu cemeje aya masezerano cishimikije ibiri mu karongo b) k'agahimba ka 1 k'iyi ngingo, gishobora gusaba ko ukuronswa ubwenehugu biba uwusaba abanje gukwiza kimwe canke vyinshi mu bisabwa bikurikira :

CONVENTION SUR LA REDUCTION DES CAS D'APATRIDIE

Les Etats contractants,

Agissant conformément à la résolution 896 (IX) adoptée par l'Assemblée générale des Nations Unies le 4 décembre 1954, et

Considérant qu'il est souhaitable de réduire l'apatridie par voie d'accord international,

Sont convenus des dispositions suivantes :

Article 1

1. Tout Etat contractant accorde sa nationalité à l'individu né sur son territoire et qui, autrement, serait apatride. Cette nationalité sera accordée,

- a) De plein droit, à la naissance, ou
- b) Sur demande souscrite, suivant les modalités prévues par la législation de l'Etat en cause, auprès de l'autorité compétente par l'intéressé ou en son nom; sous réserve des dispositions du paragraphe 2 du présent article, la demande ne peut être rejetée.

L'Etat contractant dont la législation prévoit l'octroi de sa nationalité sur demande conformément au littera b) du présent paragraphe peut également accorder sa nationalité de plein droit à l'âge et dans les conditions fixées par la loi.

2. L'Etat contractant peut subordonner l'acquisition de sa nationalité en vertu du littera b) du paragraphe 1 du présent article, à une ou plusieurs des conditions suivantes :

a) Que la demande soit souscrite pendant une période fixée par l'Etat contractant, période commençant au plus tard à l'âge de 18 ans et ne pouvant se terminer avant 21 ans, étant entendu toutefois que l'intéressé doit disposer d'au moins une année pour souscrire sa demande personnellement et sans habilitation;

b) Que l'intéressé ait résidé habituellement sur le territoire de l'Etat contractant, sans toutefois que la durée de résidence fixée par ce dernier puisse excéder 10 ans au total, dont 5 ans au plus précédant immédiatement le dépôt de la demande;

c) Que l'intéressé n'ait pas été déclaré coupable d'une infraction contre la sécurité nationale ou qu'il n'ait pas été condamné à une peine d'emprisonnement d'au moins cinq années pour fait criminel;

d) Que l'intéressé n'ait pas acquis à la naissance ou postérieurement une nationalité.

3. Nonobstant les dispositions de l'alinéa b) du paragraphe 1 et le paragraphe 2 du présent article, l'enfant légitime qui est né sur le territoire d'un Etat contractant et dont la mère possède la nationalité de cet Etat, acquiert cette nationalité à la naissance si, autrement, il serait apatride.

4. Tout Etat contractant accorde sa nationalité à l'individu qui, autrement, serait apatride et dont, au moment de la naissance, le père ou la mère possédait la nationalité dudit Etat si, ayant dépassé l'âge fixé pour la présentation de sa demande ou ne remplissant pas les conditions de résidence imposées, cet individu n'a pu acquérir la nationalité de l'Etat contractant sur le territoire duquel il est né. Si les parents n'avaient pas la même nationalité au moment de la naissance, la législation de l'Etat contractant dont la nationalité est sollicitée détermine si l'enfant suit la condition du père ou celle de la mère. Si la nationalité est accordée sur demande, cette dernière sera introduite, selon les modalités prévues par la législation de l'Etat en cause, auprès de l'autorité compétente par l'intéressé ou en son nom. Sous réserve des dispositions du paragraphe 5 du présent article, cette demande ne peut être rejetée.

a) Ko ugusaba ubwenehugu bigirwa mu kiringo gishinzwe n'igihugu cemeje aya masezerano, ico kiringo kigatangura umuntu atararenza imyaka 18 kandi ntikiringire atarakwiza imyaka 21, bikumvikana ariko ko uwubisaba ategerezwa guhabwa n'imiburiburi ikiringo c'umwaka kugira ngo avyisabire we nyene kandi atarinze gusaba uruhusha;

b) Ko uwusaba ubwenehugu aba yarabaye mu gihugu cemeje aya masezerano, mugabo ikiringo cose co kuhaba cashinzwe n'ico gihugu ntigishobore kurenza imyaka 10, imyaka 5 ya nyuma muri iyo akaba yayibaye mu gihugu yikurikirany imbere yo kubisaba ;

c) Ko uwusaba ubwenehugu ataba yaragiriye icaha c'uguhungabanya umutekano w'igihugu canke ngo abe yarahawe igihano co gupfungwa n'imiburiburi imyaka 5 kubera icaha;

d) Ko uwusaba ubwenehugu ataba yararonse ubwenehugu akivuka canke inyuma y'aho.

3. Hatirengagijwe ibitegekanijwe mu karongo b) k'agahimba ka 1 n'aka 2 k'iyi ngingo, umwana yavutse biciye mu mategeko akavukira mu gihugu cemeje aya masezerano kandi nyina wiwe akaba afise ubwenehugu bw'ico gihugu, aronsa ubwo bwenehugu akivuka, iyo bitagenze uko, aca aba uwutagira ubwenehugu.

4. Igihugu ico ari co cose cemeje aya masezerano kiraha ubwenehugu umuntu, bitagenze uko, aba uwutagira ubwenehugu, kandi igihe yavuka, se canke nyina yari afise ubwenehugu bw'ico gihugu, iyo amaze kurenza imyaka itegekanijwe yo gusaba ubwenehugu canke kubera ko adakwije ibisabwa bitegerejwe bijanye n'ukuhaba, uwo muntu akaba adashoboye kuronka ubwenehugu bw'igihugu yavukiyemwo cemeje ayo masezerano.

Iyo abavyeyi biwe batari basangiye ubwenehugu igihe avuka, amategeko y'igihugu cemeje aya masezerano gisabwa gutanga ubwenehugu, aratomora ko umwana aronka ubwenehugu bwa se canke ubwa nyina.

Iyo ubwo bwenehugu butanzwe bibanje gusabwa, ugusaba bigirwa imbere y'ubutegetsi bubifitiye ububasha, bikagirwa n'uwo vyerekeye canke akabisabirwa n'uwundi hakurikijwe ibisabwa bitegekanijwe n'amategeko y'igihugu kibusabwa.

Hatirengagijwe ibitegekanijwe mu gahimba ka 5 k'iyi ngingo, ugusaba ubwenegihugu ntibishobora kwankwa.

5. Igihugu cemeje aya masezerano cisunze ibitegekanijwe mu gahimba ka 4 k'iyi ngingo, gishobora gusaba ko ukuronswa ubwenegihugu biba habanje gukwizwa ibisabwa bikurikira canke kimwe muri vyo :

a) Ko ugusaba ubwenegihugu bigirwa imbere y'uko uwo vyerekeye ashikana imyaka itegekanijwe n'igihugu cemeje aya masezerano kibusabwa, iyo myaka ikaba idashobora kuba muni ya 23 ;

b) Ko uwusaba ubwenegihugu aba yikurikiranije kuba mu gihugu cemeje aya masezerano ikiringo kinaka imbere yo kubusaba, ico kiringo kikaba gishingwa n'ico gihugu mugabo kikaba kidashobora kurenga imyaka 3 ;

c) Ko uwusaba ubwenegihugu ataba yaraburonse akivuka canke inyuma y'aho.

Ingingo ya 2

Umwana atowe mu gihugu cemeje aya masezerano afatwa ko yavyariwe muri ico gihugu n'abavyeyi bafise ubwenegihugu bwaco kiretse bigaragaye ukundi.

Ingingo ya 3

Mu ntumbero yo gushinga ibitegerezwa gukurikizwa n'ibihugu vyemeje aya masezerano hisunzwe ibitegekanya muri yo, uwuvukiye mu bwato canke mu kigendajuru afatwa ko avukiye mu gihugu ibendera ryaco rihungabana kuri ubwo bwato canke mu gihugu ico kigendajuru canditsweko.

Ingingo ya 4

1. Igihugu ico ari co cose cemeje aya masezerano kiraha ubwenegihugu umuntu, bitagenze uko, yoca aba uwutagira ubwenegihugu, atavukiye mu gihugu cemeje aya masezerano, iyo igihe yavuka, se canke nyina bari bafise ubwenegihugu bw'igihugu ca mbere muri vyo. Iyo, muri ico gihe abavyeyi batari basangiye ubwenegihugu, amategeko y'ico gihugu ni yo ashingako

5. L'Etat contractant peut subordonner l'octroi de sa nationalité en vertu du paragraphe 4 du présent article aux conditions suivantes ou à l'une d'elles :

a) Que la demande soit souscrite avant que l'intéressé ait atteint un âge fixé par l'Etat contractant en cause, cet âge ne pouvant être inférieur à 23 ans;

b) Que l'intéressé ait résidé habituellement sur le territoire de l'Etat contractant en cause pendant une période donnée précédant immédiatement la présentation de la demande, période fixée par cet Etat et dont la durée exigible ne peut toutefois dépasser trois ans;

c) Que l'intéressé n'ait pas acquis à la naissance ou postérieurement une nationalité.

Article 2

L'enfant trouvé sur le territoire d'un Etat contractant est, jusqu'à preuve du contraire, réputé né sur ce territoire de parents possédant la nationalité de cet Etat.

Article 3

Aux fins de déterminer les obligations des Etats contractants, dans le cadre de la présente Convention, la naissance à bord d'un navire ou d'un aéronef sera réputée survenue sur le territoire de l'Etat dont le navire bat pavillon ou dans lequel l'aéronef est immatriculé.

Article 4

1. Tout Etat contractant accorde sa nationalité à l'individu qui, autrement, serait apatride et n'est pas né sur le territoire d'un Etat contractant, si, au moment de la naissance, le père ou la mère possédait la nationalité du premier de ces Etats. Si, à ce moment, les parents n'avaient pas la même nationalité, la législation de cet Etat détermine si l'enfant suit la condition du père ou celle de la mère. La nationalité attribuée en vertu du présent paragraphe est accordée :

a) De plein droit, à la naissance, ou

b) Sur demande souscrite, suivant les modalités prévues par la législation de l'Etat en cause auprès de l'autorité compétente par l'intéressé ou en son nom; sous réserve des dispositions du paragraphe 2 du présent article, la demande ne peut être rejetée.

2. L'Etat contractant peut subordonner l'acquisition de sa nationalité en vertu du paragraphe 1 du présent article aux conditions suivantes ou à l'une d'elles :

a) Que la demande soit souscrite avant que l'intéressé ait atteint un âge fixé par l'Etat contractant en cause, cet âge ne pouvant être inférieur à 23 ans;

b) Que l'intéressé ait résidé habituellement sur le territoire de l'Etat contractant en cause pendant une période donnée précédant immédiatement la présentation de la demande, période fixée par cet Etat et dont la durée exigible ne peut toutefois dépasser trois ans;

c) Que l'intéressé n'ait pas été déclaré coupable d'une infraction contre la sécurité nationale;

d) Que l'intéressé n'ait pas acquis à la naissance ou postérieurement une nationalité.

Article 5

1. Si la législation d'un Etat contractant prévoit la perte de la nationalité par suite d'un changement d'état tel que mariage, dissolution du mariage, légitimation, reconnaissance ou adoption, cette perte doit être subordonnée à la possession ou à l'acquisition de la nationalité d'un autre Etat.

2. Si, conformément à la législation d'un Etat contractant, un enfant naturel perd la nationalité de cet Etat à la suite d'une reconnaissance de filiation, la possibilité lui sera offerte de la recouvrer par une demande souscrite auprès de l'autorité compétente, demande qui ne pourra être soumise à des conditions plus rigoureuses que celles prévues au paragraphe 2 de l'article premier de la présente Convention.

umwana yisunga se canke nyina. Ubwenegihugu buronkwa hisunzwe ibiri muri aka gahimba butangwa :

a) Bitarinze gusabwa , umuntu akivuka ;canke

b) Bibanje gusabwa n'uwo vyerekeye canke abisabiwe n'uwundi ubutegetsi bubifitiye ububasha hisunzwe ibisabwa bitegekanijwe n'amategeko y'igihugu kibisabwa ; hatirengagijwe ibitegekanijwe mu gahimba ka 2 k'iyi ngingo ; ugusaba ubwenegihugu ntibishobora kwankwa.

2. Igihugu cemeje aya masezerano gishobora gushinga ko guhabwa ubwenegihugu hisunzwe agahimba ka 1 k'iyi ngingo biba habanje gukwizwa ibisabwa bikurikira canke kimwe muri vyo :

a) Ko ugusaba ubwenegihugu biba imbere y'uko uwubisaba ashikana imyaka yashinzwe n'igihugu cemeje aya masezerano kibisabwa, iyo myaka ikaba idashobora kuba muni ya 23 ;

b) Ko uwusaba ubwenegihugu aba yabaye yikurikiranya mu gihugu cemeje aya masezerano kibisabwa mu kiringo kinaka imbere yo kubisaba, ico kiringo gisabwa kikaba gishingwa n'ico gihugu kandi kikaba kidashobora kurenga imyaka 3 ;

c) Ko uwusaba ubwenegihugu ataba yaragiriye icaha c'uguhungabanya umutekano w'igihugu ;

d) Ko uwusaba ubwenegihugu ataba yararonse ubwenegihugu akivuka canke inyuma y'aho.

Ingingo ya 5

1. Igihe amategeko y'igihugu cemeje amasezerano ategakanya ugutakaza ubwenegihugu biturutse k'uguhindura uko umuntu yari ari nko mu kwabirana, kwahukana, kwandikisha umwana yavutse bidaciye mu mategeko, kwemera

umwana yavutse mu gahinga canke gutunga umurerano, ukwo gutakaza ubwenegihugu vyemerwa bibanje kugaragara ko uwo muntu afise canke yaronse ubwenegihugu bw'ikindi gihugu.

2. Iyo, hakurikijwe amategeko y'igihugu cemeje amasezerano, umwana yavutse mu gahinga atakaje ubwenegihugu bw'ico gihugu kubera kwemerwa mu muryango, azoshobora kubusubirako abisavye ubutegetsu bubifitiye ububasha, uko kubisaba bikaba hadasabwe ibirengye ibitegekanywa mu gahimba ka 2 k'ingingo ya 1 y'aya masezerano.

Ingingo ya 6

Iyo amategeko y'igihugu cemeje aya masezerano ateganywa ko umuntu atakaje ubwenegihugu canke akabwakwa, uwo bubakanye canke abana na bo nyene baca babutakaza, uko gutakaza ubwenegihugu biba bibanje kugaragara ko bafise canke bashobora kuronka ubundi bwenebihugu.

Ingingo ya 7

1. a) Iyo amategeko y'igihugu cemeje aya masezerano ateganywa ko kwirukana uwo bubakanye vyemerwa, uko kwirukanwa ntigutuma umuntu atakaza ubwenegihugu kiretse iyo afise canke ashobora kuronka ubundi ;

b) Ibitegekanywa mu karongo ka a) k'aka gahimba ntibikurikizwa igihe biteye kubiri n'ibitegekanywa mu ngingo ya 13 n'ya 14 z'itangazo mpuzamakungu ryerekeye agateka ka zina muntu ryemejwe ku wa 10 Kigarama 1948 n'Inama ya bose y'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU.

2. Umuntu afise ubwenegihugu bw'igihugu cemeje aya amasezerano asavye kuronswa ubwenegihugu bw'ikindi gihugu aratakaza ubwenegihugu bwiwe iyo yaronse canke amaze kwizwira ko azoronswa ubwenegihugu bw'ico gihugu.

3. Hatirengagijwe ibitegekanywa mu gahimba ka 4 na ka 5 k'iyi ngingo, nta n'umwe ashobora gutakaza ubwenegihugu bwiwe, iyo kubera ivyo aca aba uwutagira ubwenegihugu biturutse ko yavuye mu gihugu yari afitiye ubwenegihugu, aba mu mahanga, atiyandikishije canke bivuye ku yindi mvo

Article 6

Si la législation d'un Etat contractant prévoit que le fait pour un individu de perdre sa nationalité ou d'en être privé entraîne la perte de cette nationalité pour le conjoint ou les enfants, cette perte sera subordonnée à la possession ou à l'acquisition par ces derniers d'une autre nationalité.

Article 7

1. a) Si la législation d'un Etat contractant prévoit la répudiation, celle-ci n'entraîne pour un individu la perte de sa nationalité que s'il en possède ou en acquiert une autre.

b) La disposition du littéra a) du présent paragraphe ne s'appliquera pas lorsqu'elle apparaîtra inconciliable avec les principes énoncés aux articles 13 et 14 de la Déclaration universelle des droits de l'homme approuvée le 10 décembre 1948 par l'Assemblée générale des Nations Unies.

2. Un individu possédant la nationalité d'un Etat contractant et qui sollicite la naturalisation dans un pays étranger ne perd sa nationalité que s'il acquiert ou a reçu l'assurance d'acquérir la nationalité de ce pays.

3. Sous réserve des dispositions des paragraphes 4 et 5 du présent article, nul ne peut perdre sa nationalité, s'il doit de ce fait devenir apatride, parce qu'il quitte le pays dont il possède la nationalité, réside à l'étranger, ne se fait pas immatriculer ou pour toute autre raison analogue.

4. La perte de la nationalité qui affecte un individu naturalisé peut être motivée par la résidence à l'étranger pendant une période dont la durée, fixée par l'Etat contractant, ne peut être inférieure à sept années consécutives, si l'intéressé ne déclare pas aux autorités compétentes son intention de conserver sa nationalité.

5. En ce qui concerne les individus nés hors du territoire de l'Etat contractant dont ils possèdent la nationalité, la conservation de cette nationalité au-delà d'une date postérieure d'un an à leur majorité peut être subordonnée par la législation

de l'Etat contractant à des conditions de résidence à cette date sur le territoire de cet Etat ou d'immatriculation auprès de l'autorité compétente.

6. A l'exception des cas prévus au présent article, un individu ne peut perdre la nationalité d'un Etat contractant s'il doit de ce fait devenir apatride, alors même que cette perte ne serait pas expressément exclue par toute autre disposition de la présente Convention.

Article 8

1. Les Etats contractants ne priveront de leur nationalité aucun individu si cette privation doit le rendre apatride.

2. Nonobstant la disposition du premier paragraphe du présent article, un individu peut être privé de la nationalité d'un Etat contractant:

a) Dans les cas où, en vertu des paragraphes 4 et 5 de l'article 7, il est permis de prescrire la perte de la nationalité;

b) S'il a obtenu cette nationalité au moyen d'une fausse déclaration ou de tout autre acte frauduleux.

3. Nonobstant la disposition du paragraphe 1 du présent article, un Etat contractant peut conserver la faculté de priver un individu de sa nationalité, s'il procède, au moment de la signature, de la ratification ou de l'adhésion, à une déclaration à cet effet spécifiant un ou plusieurs motifs, prévue à sa législation nationale à cette date et entrant dans les catégories suivantes :

a) Si un individu, dans des conditions impliquant de sa part un manque de loyalisme envers l'Etat contractant,

i) a, au mépris d'une interdiction expresse de cet Etat, apporté ou continué d'apporter son concours à un autre Etat, ou reçu ou continué de recevoir d'un autre Etat des émoluments, ou

ii) a eu un comportement de nature à porter un préjudice grave aux intérêts essentiels de l'Etat;

iyo ari yo yose isa n'iyo.

4. Ugutakaza ubwenegihugu bishikiye umuntu yari yarabuhawe, bishobora gutumwa n'uko yabaye mu mahanga mu kiringo kimara igihe gishingwa n'igihugu cemeje aya masezerano ariko kidashobora kuba muni y'imyaka 7 ikurikirana, iyo uwo vyerekeye atamenyesheje ubutegetsi bubifitiye ububasha ko yipfuzza kugumana ubwenegihugu bwiwe.

5. Ku vyerekeye abantu batavukiye mu gihugu cemeje aya masezerano bafitiye ubwenegihugu, ukugumana ubwenegihugu haciye ikiringo kirenga umwaka bemejwe ko bakuze bishobora kwemezwa n'amategeko y'ico gihugu habanje kugaragara ko kuri iryo genekerezo baba muri ico gihugu canke banditswe n'ubutegetsi bubifitiye ububasha.

6. Kiretse ibitegekanijwe muri iyi ngingo, umuntu ntashobora gutakaza ubwenegihugu bw'igihugu cemeje aya amasezerano iyo kubera ivyo, aca aba uwutagira ubwenegihugu, n'aho ukwo gutakaza ubwenegihugu kutoba kwarafuswe n'ibigirankana n'iyindi ngingo iyo ari yo yose y'aya masezerano.

Ingingo ya 8

1. Ibihugu vyemeje aya masezerano ntibizokwaka ubwenegihugu umuntu n'umwe igihe kubumwaka bituma aba uwutagira ubwenegihugu.

2. Hatirengajwe ibitegekanijwe mu gahimba ka mbere k'iyi ngingo, umuntu arashobora kwakwaka ubwenegihugu bw'igihugu cemeje aya masezerano:

a) Mu bihe, hisunzwe agahimba ka 4 na ka 5 tw'ingingo ya 7, birekuwe ko ugutakaza ubwenegihugu bishoboka;

b) Iyo yaronse ubwo bw'igihugu yashikirije ibitari ivy'ukuri canke akoresheje urwandiko urwo ari rwose rw'ubusuma.

3. Hatirengajwe ibitegekanijwe mu gahimba ka mbere k'iyi ngingo, igihugu cemeje aya masezerano kirashobora kugumana ubushobozi bwo kwakwaka ubwenegihugu iyo, mu gihe co gushira igikumu ku masezerano, kuyemeza

canke kuyemera, cagize itangazo kuri ivyo ritomora imvo imwe canke nyinshi zitegekanyijwe n'amategeko y'ico gihugu kuri iryo genekerezo kandi bikaba biri mu mirwi ikurikira:

a) Igihe inyifato y'umuntu igaragaza ko atayoboka igihugu cemeje aya amasezerano:

i) Mukwirengagiza ibibuzwa n'ico gihugu, aba yarafashije canke yabandanije afasha ikindi gihugu, yararonse canke yabandanije aronka imfashanyo y'ikindi gihugu; canke,

ii) yagize inyifato itosekaza vyimonogoje inyungu nyamukuru z'igihugu;

b) Igihe umuntu arahiye ko yishikanye canke yamenyesheje ata gukekeranya ko yishikanye ku kindi gihugu canke yerekanye ku buryo bugaragara ko yiyemeje kuvavanura n'igihugu cemeje aya masezerano.

4. Igihugu cemeje aya masezerano kizokoresha ubushobozi gifise bwo kwima umuntu ubwenehugu hisunzwe ibitegekanyijwe mu gahimba ka 2 na ka 3 tw'iyi ngingo cisunze gusa amategeko, ayo mategeko nayo akaba arekurira uwo vyerekeye gukoresha uburyo bwose afise bwo kwiregura imbere ya sentare canke imbere y'urundi rwego rwigenga.

Ingingo ya 9

Ibihugu vyemeje aya masezerano ntibizokwaka ubwenehugu umuntu n'umwe canke umugwi w'abantu biturutse ku mvo zifatiye ku rukoba, ubwoko, idini canke poritike .

Ingingo ya 10

1. Amasezerano ayo ari yo yose agizwe n'ibihugu vyemeje aya masezerano yerekeye ugutanga igice c'igihugu ategerezwa kubamwo ingingo zitegekanya ko ata n'umwe azoba uwutagira ubwenehugu biturutse kuri ivyo. Ibihugu vyemeje aya masezerano bizokora ivyo bishoboye vyose kugira ngo amasezerano yose agizwe n'igihugu kitejwe aya masezerano ajemwo ingingo

b) Si un individu a prêté serment d'allégeance, ou a fait une déclaration formelle d'allégeance à un autre Etat, ou a manifesté de façon non douteuse par son comportement sa détermination de répudier son allégeance envers l'Etat contractant.

4. Un Etat contractant ne fera usage de la faculté de priver un individu de sa nationalité dans les conditions définies aux paragraphes 2 et 3 du présent article que conformément à la loi, laquelle comportera la possibilité pour l'intéressé de faire valoir tous ses moyens de défense devant une juridiction ou un autre organisme indépendant.

Article 9

Les Etats contractants ne priveront de leur nationalité aucun individu ou groupe d'individus pour des raisons d'ordre racial, ethnique, religieux ou politique.

Article 10

1. Tout traité conclu entre Etats contractants portant cession d'un territoire doit contenir des dispositions ayant pour effet de garantir que nul ne deviendra apatride du fait de la cession. Les Etats contractants feront tout ce qui est en leur pouvoir pour que tout traité ainsi conclu avec un Etat qui n'est pas partie à la présente Convention contienne des dispositions à cet effet.

2. En l'absence de dispositions sur ce point, l'Etat contractant auquel un territoire est cédé ou qui acquiert autrement un territoire accorde sa nationalité aux individus qui sans cela deviendraient apatrides du fait de la cession ou de l'acquisition.

Article 11

Les Etats contractants s'engagent à promouvoir la création, dans le cadre de l'Organisation des Nations Unies, dès que possible après le dépôt du sixième instrument de ratification ou d'adhésion, d'un organisme auquel les personnes se croyant en droit de bénéficier de la présente Convention pourront recourir pour examiner leur demande et pour obtenir son assistance dans l'introduction de la demande auprès de l'autorité compétente.

Article 12

1. Le paragraphe 1 de l'article premier ou l'article 4 de la présente Convention s'appliqueront, pour les Etats contractants qui n'accordent pas leur nationalité de plein droit à la naissance, aux individus nés tant avant qu'après l'entrée en vigueur de la Convention.
2. Le paragraphe 4 de l'article premier de la présente Convention s'appliquera aux individus nés tant avant qu'après l'entrée en vigueur de la Convention.
3. L'article 2 de la présente Convention ne s'appliquera qu'aux enfants trouvés après l'entrée en vigueur de la Convention.

Article 13

Les dispositions de la présente Convention ne font pas obstacle à l'application des dispositions plus favorables à la réduction des cas d'apatrides contenues ou qui seraient introduites ultérieurement soit dans la législation de tout Etat contractant, soit dans tout traité, convention ou accord entre deux ou plusieurs Etats contractants.

Article 14

Tout différend entre les Parties contractantes relatif à l'interprétation ou à l'application de la Convention qui ne peut être réglé par d'autres moyens sera porté devant la Cour internationale de Justice à la demande de l'une des parties au différend.

zerekeye ivyo.

2. Igihe ata ngingo zitegekanijwe zerekeye ugutakaza ubwenegihugu, igihugu cemeje aya masezerano gihawe ico gice c'igihugu canke kikironse mu bundi buryo, kiraha ubwenegihugu bwaco abantu, bitagenze uko boca baba abatagira ubwenegihugu biturutse kuri ukwo gutanga canke ukwo kuronka ico gice c'igihugu.

Ingingo ya 11

Ibihugu vyemeje aya masezerano vyishinze guhimiriza bibicishije mw'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU, gushiraho mu maguru masha igihugu kigira gatandatu kimaze gushikiriza urwandiko rwemeza amasezerano canke ruyemera, urwego abantu bumva ko bafise uburenganzira bwo kwubahirizwa n'aya masezerano bazoshobora kwitura kugira rwihweze ivyo basaba no kugira ngo rubafashe kubisaba ubutegetsu bubifitiye ububasha.

Ingingo ya 12

1. Agahimba ka 1 k'ingingo ya 1 canke ingingo ya 4 y'aya masezerano bizokurikizwa ku bihugu vyemeje aya masezerano bidatanga ubwenegihugu umuntu akivuka, ku bantu bavutse aya masezerano ataratangura gushirwa mu ngiro canke amaze gushirwa mu ngiro.
2. Agahimba ka 4 k'ingingo ya 1 y'aya masezerano kazokurikizwa ku bantu bavutse haba imbere canke inyuma y'uko aya masezerano ashirwa mu ngiro.
3. Ingingo ya 2 y'aya masezerano izokurikizwa gusa ku bana batowe aya masezerano amaze gushirwa mu ngiro.

Ingingo ya 13

Ibitegekanijwe muri aya masezerano ntibibuza gukurikiza ingingo zorosha gusumba ukugabanya ibitigiri vy'abatagira ubwenegihugu biri canke vyashizwe mu nyuma mu mategeko y'igihugu ico ari co cose cemeje aya masezerano, haba mu masezerano ayo ari yo yose canke amasezerano ibihugu bibiri canke birenga biri mu vyemeje aya masezerano vyagiraniye.

Ingingo ya 14

Amatati ayo ari yo yose yadutse hagati y'abemeje aya masezerano ku bijanye n'uburyo asigurwa canke ashirwa mu ngiro adashoboye gutorerwa umuti mu bundi buryo azoshikirizwa Sentare Mpuzamakungu ibisabwe n'igihugu kimwe mu vyatase.

Ingingo ya 15

1. Aya masezerano azokurikizwa ku bihugu vyose bitigenga, ibigiharariwe n'ibindi bihugu, ibiganzwa n'ibindi bihugu hamwe n'izindi ntara zegamiye igihugu cemeje aya masezerano arico kijejwe imigenderanire mpuzamakungu yazo; igihugu cemeje aya masezerano vyerekeye, hatirengagijwe ibitegekaniywe mu gahimba ka 2 k'iyi ngingo, kizotegerezwa mu gihe co gushira umukono kuri aya masezerano, kuyemeza canke kuyemera, kwerekana igihugu canke ibihugu bicegamiye; aya masezerano akazoca akurikizwa amaze gushirwako umukono, kwemezwa canke kwemerwa.

2. Iyo ku vyerekeye ubwenegihugu igihugu cegamiye ikindi bidafatwa ko bigize igihugu kimwe n'ico cegamiye canke bikenewe gusaba ko ivyo bihugu bibanza kuvyumvikana hisunzwe amabwirizwa n'ibisanzwe bikurikizwa bitegekaniywe mw'Ibwirizwa Shingiro ry'igihugu cemeje aya masezerano, canke ivy'akarere kegamiye igihugu, kugira ngo ayo masezerano akurikizwe muri ako karere, igihugu cemeje aya masezerano kizogerageza kuronka mu kiringo c'amezi icumi n'abiri giharurwa kuva kw'igenekerezo kizoba cayashiriyeko umukono, ko ako karere kegamiye igihugu kacemerera uwo mwumvikano no mu gihe uwo mwumvikano uzoba wahabaye, igihugu cemeje aya masezerano kizotegerezwa kubimenyeshya Umunyamabanga Mukuru w'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU. Kuva kw'igenekerezo bimenyesherejweko Umunyamabanga Mukuru w'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU, aya masezerano azoca atangura gukurikizwa muri ako karere canke mu turere tudondagurwa muri aya masezerano.

3. Ico kiringo c'amezi icumi n'abiri kivugwa mu gahimba ka 2 k'iyi ngingo kirangiye, ibihugu vyemeje aya masezerano bizomenyeshya Umunyamabanga Mukuru w'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU ivyavuye mu biganiro vyagiraniye n'ivyo bihugu bivyegamiye kandi biserukira mu migenderanire

Article 15

1. La présente convention s'appliquera à tous les territoires non autonomes, sous tutelle coloniale et autres territoires non métropolitains dont un Etat contractant assure les relations internationales; l'Etat contractant intéressé devra, sous réserve des dispositions du paragraphe 2 du présent article, au moment de la signature, de la ratification ou de l'adhésion, indiquer le territoire ou les territoires non métropolitains auxquels la présente Convention s'appliquera ipso facto à la suite de cette signature, de cette ratification ou de cette adhésion.

2. Si, en matière de nationalité, un territoire non métropolitain n'est pas considéré comme formant un tout avec le territoire métropolitain, ou si le consentement préalable d'un territoire non métropolitain est nécessaire, en vertu des lois ou pratiques constitutionnelles de l'Etat contractant ou du territoire non métropolitain, pour que la Convention s'applique à ce territoire, ledit Etat contractant devra s'efforcer d'obtenir, dans le délai de douze mois à compter de la date à laquelle il aura signé la Convention, le consentement nécessaire du territoire non métropolitain, et lorsque ce consentement aura été obtenu, l'Etat contractant devra le notifier au Secrétaire général de l'Organisation des Nations Unies. Dès la date de la réception de cette notification par le Secrétaire général, la Convention s'appliquera au territoire ou aux territoires indiqués par celle-ci.

3. A l'expiration du délai de douze mois mentionné au paragraphe 2 du présent article, les Etats contractants intéressés informeront le Secrétaire général des résultats des consultations avec les territoires non métropolitains dont ils assurent les relations internationales et dont le consentement pour l'application de la présente Convention n'aurait pas été donné.

Article 16

1. La présente Convention sera ouverte à la signature au Siège de l'Organisation des Nations Unies du 30 août 1961 au 31 mai 1962.

2. La présente Convention sera ouverte à la signature :
- De tous les Etats Membres de l'Organisation des Nations Unies;
 - De tout autre Etat invité à la Conférence des Nations Unies sur l'élimination ou la réduction des cas d'apatridie dans l'avenir;
 - De tout autre Etat auquel l'Assemblée générale des Nations Unies aura adressé une invitation à signer ou à adhérer.
3. La présente Convention sera ratifiée et les instruments de ratification seront déposés auprès du Secrétaire général de l'Organisation des Nations Unies.
4. Les Etats visés au paragraphe 2 du présent article pourront adhérer à la présente Convention. L'adhésion se fera par le dépôt d'un instrument d'adhésion auprès du Secrétaire général de l'Organisation des Nations Unies.

Article 17

- Au moment de la signature, de la ratification ou de l'adhésion, tout Etat peut formuler des réserves aux articles 11, 14 et 15.
- Il ne peut être fait d'autre réserve à la présente Convention.

Article 18

- La présente Convention entrera en vigueur deux ans après la date du sixième instrument de ratification ou d'adhésion.
- Pour tout Etat qui ratifiera la présente Convention ou y adhérera après le dépôt du sixième instrument de ratification ou d'adhésion, la Convention entrera en vigueur le quatre-vingt-dixième jour après le dépôt par cet Etat de son instrument de ratification ou d'adhésion ou à la date d'entrée en vigueur de la

Mpuzamakungu no mu gihe ata mwumvikano woba wahabaye kugira bikurikize aya masezerano.

Ingingo ya 16

- Aya Masezerano azotangura gushirwako umukono ku cicaro c'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU kuva kw'igenekerezo rya 30 Nyakanga 1961 gushika kw'igenekerezo rya 31 Rusama 1962.
- Aya masezerano azoshirwako umukono:
 - N'ibihugu vyose bihuriye mw'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU;
 - N'igihugu ico ari co cose catumiwe mw'ikoraniro ry'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU ryerekeye kvanaho burundu canke kugabanya ivy'ukutagira ubwenegihugu muri kazoza.
 - N'igihugu ico ari co cose Inama Nkuru y'Ishirahamwe Mpuzamakungu yasavye ko coyashirako umukono canke kikayemera.
- Aya Masezerano azokwemezwa kandi inzandiko zo kuyemeza zizoshikirizwa Umunyamabanga Mukuru w'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU.
- Ibihugu bivugwa mu gahimba ka 2 k'iyi ngingo bizoshobora kwemera aya Masezerano. Ukuyemera bizogirwa mu gushikiriza Umunyamabanga Mukuru w'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU urwandiko rwo kuyemera.

Ingingo ya 17

- Mu gihe c'ugushira umukono kuri aya masezerano, kuyemeza canke kuyemera, igihugu ico ari co cose gishobora gushikiriza ivyo kibangiriyeko ku ngingo ya 11, iya 14 n'iya 15.
- Nta kindi gishobora kubangirwako muri aya masezerano.

Ingingo ya 18

1. Aya masezerano azotangura gushirwa mu ngiro haheze imyaka 2 kuva aho igihugu kigira gatandatu gishikiririje urwandiko rw'ukuyemeza canke urw'ukuyemera.

2. Ku vyerekeye igihugu ico ari co cose kizokwemeza aya masezerano canke kizoyemera kuva aho igihugu kigira gatandatu gishikiririje urwandiko rw'ukuyemeza canke urw'ukuyemera, aya masezerano azotangura gushirwa mu ngiro ku muni ugira uwa mirongo icenda ukurikira igenekerezo ico gihugu kizoba catangiye ko urwo rwandiko rwo kuyemeza canke rw'ukuyemera kuva kw'igenekerezo amasezerano azotangura gushirwa mu ngiro hisunzwe ibitegekanijwe mu gahimba ka mbere k'iyi ngingo igihe iryo genekerezo azoba ari ryo rya kure.

Ingingo ya 19

1. Igihugu ico ari co cose cemeje aya masezerano gishobora kuyaheba mu kubimenyeshya mu rwandiko rurungikirwa Umunyamabanga Mukuru w'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU. Uguheba amasezerano bitangura kugira inkurikizi ku gihugu cemeje aya masezerano cabisavye haheze umwaka umwe Umunyamabanga Mukuru w'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU abimenyeshajwe.

2. Mu gihe, hisunzwe ibitegekanijwe mu ngingo ya 15, aya masezerano yoba yarakurikijwe mu gihugu cegamiye igihugu cemeje aya masezerano, gishobora, bibanje kwemerwa n'ico gihugu kicegamiye, kumenyeshya umwanya uwo ari wo wose Umunyamabanga Mukuru w'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU, ko ico gihugu gihevyeye aya masezerano. Uguheba amasezerano bizatangura kuja mu ngiro haheze umwaka umwe kuva kw'igenekerezo umunyamabanga Mukuru w'Ishirahamwe ONU yabimenyesherejweko, na we akazoca abimenyeshya ibindi bihugu vyemeje aya masezerano n'igenekerezo azoba yabimenyesherejweko.

Convention, conformément aux dispositions du paragraphe premier du présent article, si cette dernière date est la plus éloignée.

Article 19

1. Tout Etat contractant peut dénoncer la présente Convention à tout moment par notification écrite, adressée au Secrétaire général de l'Organisation des Nations Unies. La dénonciation prend effet, à l'égard de l'Etat contractant intéressé, un an après la date à laquelle le Secrétaire général en a reçu notification.

2. Dans le cas où, conformément aux dispositions de l'article 15, la présente Convention aura été rendue applicable à un territoire non métropolitain d'un Etat contractant, ce dernier pourra, avec le consentement du territoire en question, notifier par la suite à tout moment au Secrétaire général de l'Organisation des Nations Unies que la Convention est dénoncée à l'égard de ce territoire. La dénonciation prendra effet un an après la date où la notification sera parvenue au Secrétaire général, lequel informera tous les autres Etats contractants de cette notification et de la date où il l'aura reçue.

Article 20

1. Le Secrétaire général de l'Organisation des Nations Unies notifiera à tous les Etats Membres de l'Organisation et aux Etats non membres mentionnés à l'article 16 :

- a) Les signatures, les ratifications et les adhésions prévues à l'article 16;
- b) Les réserves formulées conformément à l'article 17;

c) La date à laquelle la présente Convention entrera en vigueur en exécution de l'article 18;

d) Les dénonciations prévues à l'article 19.

2. Le Secrétaire général de l'Organisation des Nations Unies devra au plus tard après le dépôt du sixième instrument de ratification ou d'adhésion signaler à l'attention de l'Assemblée générale la question de la création, conformément à l'article 11, de l'organisme qui y est mentionné.

Article 21

La présente Convention sera enregistrée par le Secrétaire général de l'Organisation des Nations Unies à la date de son entrée en vigueur.

EN FOI DE QUOI les plénipotentiaires soussignés ont signé la présente Convention.

FAIT à New York, le trente août mille neuf cent soixante et un, en un seul exemplaire dont les textes anglais, chinois, espagnol, français et russe font également, foi, qui sera déposé aux archives de l'Organisation des Nations Unies et dont des copies certifiées conformes seront transmises par le Secrétaire général de l'Organisation des Nations Unies à tous les Etats Membres de l'Organisation ainsi qu'aux Etats non membres visés à l'article 16 de la présente Convention.

Ingingo ya 20

1. Umunyamabanga mukuru w'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU azomenyesha ibihugu vyose bihuriye mw'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU n'ibindi bihugu bitari muri ryo bitegekanijwe mu ngingo ya 16 ibi bikurikira :

a) Ibihugu vyashize umukono kuri aya masezerano, ivyayemeje n'ivyayemeye nk'uko biri mu ngingo ya 16;

b) Ivyabangiriweko hisunzwe ingingo ya 17;

c) Igenekerezo aya masezerano azotangurirako gukurikizwa mw'ishirwa mu ngiro y' ingingo ya 18;

d) Ukuva mu masezerano bitegekanijwe mu ngingo ya 19.

2. Umunyamabanga Mukuru w'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU azotegerezwa, hatarenze igenekerezo igihugu kigira gatandatu kizoba cashikiririje urwandiko rw'ukwemeza amasezerano canke urw'ukuyemera, kumenyesha Inama Nkuru ya bose ikibazo cerekeye gushinga igisata hisunzwe ingingo ya 11.

Ingingo ya 21

Aya masezerano azokwandikwa n'Umunyamabanga Mukuru w'Ishirahamwe Mpuzamakungu kw'igenekerezo atanguriye ko gukurikizwa.

Kubera ivyo, abaserukira ibihugu vyabo kandi babifitiye ububasha bashize umukono kuri aya masezerano.

Bigiriwe i New York kw'igenekerezo rya mirongo itatu Myandagaro umwaka w'igihumbi kimwe n'amajana icenda na mirongo itandatu na rimwe mu rwandiko rw'imvaho rumwe gusa, ivyanditswe mu rurimi rw'icongereza, urw'igishinwa, iki espagnol, igifaransa n'ikirusiya bikaba vyemewe kumwe, urwo rwandiko birimwo rukazoshirwa mu bushinguro bw'inwandiko bwo mw'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU, amimuriro yazo abanje kwemezwa ko ahuye n'urwandiko rw'imvaho, Umunyamabanga Mukuru w'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU agaheza akayarungikira ibihugu vyose biri mw'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU n'ibihugu bitari muri ryo bivugwa mu ngingo ya 16 y'aya masezerano.